



## Pake Enfòmasyon pou Pwopriyete 15 Kondominyòm nan Alloy ki Baze sou Restriksyon Pwogram Lojman Enklizyonè Vil Sommerville

275 Foley Street, Assembly Row, Somerville, MA

Majistra Joseph A. Curtane ansanm ak Street Retail Inc., pran plezi pou anonse yon Lotri sou Pwopriyete kay ki Baze sou Restriksyon Salè pou 15 apatman youn ak d chanm a kouche. Pake sa a genyen enfòmasyon espesifik sou pwosesis aplikasyon pou kondò sou baz Restriksyon Salè pou vann nan Alloy atravè Odonans Dekoupaj Enklizif Sommerville la. Divizyon Lojman Biwo Planifikasyon Estratejik ak Devlopman Kominotè (Office of Strategic Planning and Community Development, OSPCD), Divizyon Lojman ak Street Retail Inc. ap envite w li enfòmasyon sa a epi soumèt yon aplikasyon. **Tanpri konsève pake sa a piske li se yon gid itil pandan tout pwosesis la. Premye kondò a pral disponib pou moun antre ladann nan anviwon 2-3 mwa apre lotri a.**

**APLIKASYON YO DWE LIVRE (SE PA DAT LA KI POU SOU YO) RIVE 2:00 PM nan dat 10 desanm 2018.**

**Ou gendwa soumèt aplikasyon yo nan fason sa yo:**

**SEB**

Re: Alloy  
257 Hillside Ave  
Needham, MA 02494

OSWA

**Somerville drop box located at**

City Hall Annex on the 1<sup>st</sup> Floor  
50 Evergreen Ave, Somerville  
len-mèk 8:30-4:30, je 8:30-7:30  
van 8:30-12:30

OSWA

OSWA

Eskane/Imèl: [seb.housing@gmail.com](mailto:seb.housing@gmail.com) OSWA

**Faks: 617-782-4500**

Gen aplikasyon anplis ki disponib nan [www.s-e-b.com/property/alloy/](http://www.s-e-b.com/property/alloy/)

Pou Enfòmasyon sou Apatman ki Baze sou Restriksyon Salè rele: (617) 782-6900 epi kite yon mesaj vokal. Pral genyen de Seyans Enfòmasyon Piblik kote n ap ka poze kesyon sou lotri ak devlopman epitou y ap abòde obligasyon sou baz restriksyon an dirèkteman. Y ap fè Seyans Enfòmasyon yo nan jedi 11 oktòb 2018, 6:30 rive 8:30 PM (East Sommerville Community School Auditorium, 50 Cross St) ak jedi 13 novanm 10:30 AM rive 12:30 PM (4yèm etaj Visiting Nurses Association nan 405 Alewife Brook Parkway, pak nan Dilboy Field) Pou TTY Konpoze 711

Sa ki kreye Pake Enfòmasyon an se SEB LLC sa ki edite li se Vil Sommerville



## Sa ki nan Dokiman sa a

Apèsi Jeneral ak Pri Lavant.....	pj. 3
Egzijans Kalifikasyon Jeneral.....	pj. 3-4
Salè Maksimòm ak Limit Aktif.....	pj. 5
Egzijans Moun K ap Achte Kay Premye Fwa.....	pj. 6
Estanda Pre-Apwobasyon Ipotèk.....	pj. 8-9
Egzijans Gwosè Fwaye.....	pj. 10
Preferans Lokal.....	pj. 11
Pwosesis Etap-pa-Etap ak Kalandriye.....	pj. 12
<i>Etap 1: Aplike nan Pwogram nan.....</i>	<i>pj. 13</i>
<i>Etap 2: Loteri a ak Lis Lotri a.....</i>	<i>pj. 14</i>
<i>Etap 3: Apwobasyon SEB ak OSPCD.....</i>	<i>pj. 15</i>
<i>Etap 4: Akò Rezèvasyon Apatman.....</i>	<i>pj. 16</i>
<i>Etap 5: Orè ak Enspeksyon Kay ak Siyati P&amp;S.....</i>	<i>pj. 17</i>
<i>Etap 6: Jwenn Angajman Ipotèk.....</i>	<i>pj. 17</i>
<i>Etap 7: Siyen ak Notarye Atestasyon Restriksyon Lojman Abòdab.....</i>	<i>pj. 18</i>
<i>Etap 8: Kloti ak Anmenajman.....</i>	<i>pj. 18</i>
Rezime Limit Itilizasyon/Restriksyon Pwopriyete.....	pj. 19

# APESI JENERAL AK PRI LAVAN

Alloy Condominiums fè pati yon bilding ki gen plizyè itilizasyon ki nan 275 Folley Street nan Assembly Row ki genyen ladann 122 apatman rezidansyèl, 155 chanm otèl, ak 22,000 pye kare restoran ak komès. Nan bilding sa a, yo pral vann fwaye ki nan oswa pi ba 80% Zòn Salè Medyan 8 apatman epi yo pral vann fwaye ki nan oswa pi ba Zòn Medyan Salè 81-110% an 7 apatman. **Yo aksepte ke w gen bèt domestik nan tout apatman yo ( ak restriksyon) epi yo 100% espas moun pa fimèn.** Konbinezon apatman sou baz Restriksyon Salè a fèt nan fason ki vini annapre a:

Kantite # Apatman	Apatman Tip	Pri Vant*	Frè Mansyèl Kondo	Kantite Twalèt	Gwosè Apwoks. (Pye Kar.)	Minimòm Gwosè Fwaye a	AMI
4	1BR	152 618\$	153\$	1	702-806	1	80%
4	2BR	177 198\$	178\$	2	1 143-1 307	2	80%
4	1BR	215 802\$	217\$	1	726-855	1	110%
3	2BR	250 073\$	251\$	2	1 178-1 307	2	110%

**\*Pwopriyetè yo gen aksè ak YON espas paking ki pou lwe (gratis) nan garaj Montaje (a kote a).**

Karakteristik Salon ak Chanm yo: Planche an bwa di nan salon an; finisyon Ewopeyen Modèn, Konsepsyon pake ekleraj, machin-a-lave ak sechwa gwosè konplè, Karakteristik kuizin ak twalèt: Planche an bwadi, robinè Grohe®, aparèy elektwomènaje Fisher & Paykel® ak Bosch®, Gaz pou kuizin, kabinè gwo teknoloji ak aparèy pou lave asyèt nan pano, kontwa kaskad Quartz, douch an vit.

Pwopriyetè kondo nan Allow gen posiblite pwofite amenajman ki nan otèl ki sou plas la donk yo genyen aksè ak: pisin owasis la ak sant egzèsis modèn nan, yon Sal klèb ak salon, yon kuizin amizan, etid trankil, ak sal konferans, teras sou twati a ki chaje espas ki bay sou kè katye a, Konsyèj, livrezon pake, livrezon rad blanchisri, sèvis bèt domestik Baroo (yon sèvis sou demand pèsonalize).

**Tanpri asire w ke w pale ak pwopriyetè w la sou frè kondo ke nou site anvan an pandan w ap aplike pou pre-apwobasyon ipèk la!!! Sa yo se frè ke w pral genyen pou w peye chak mwa anplis peman ipotèk ak taks sou imobilye epi asirans kay la! Frè kondo a ka chanje apre premye ane a.**

Tout apatman sou Baz Restriksyon salè yo pral genyen yon "Kontra Limit Itilizasyon" ke y ap ranpli ansanm ak kontra a nan moman y ap fè acha a. **Kontra Limit Itilizasyon sa a limite montan ke apatman an ka revann epi egzije ke li revann bay yon lòt moun k ap achte kay premye fwa ki kalifye sou baz Salè.** Kontra Limit Itilizasyon sa a asire ke apatman an rete sou baz Restriksyon Salè pou toutan. Nou rekòmande ke achte potansyèl yo revize Kontra Limit Itilizasyon an ak yon avoka yon fason pou yo ka byen konprann dispozisyon li yo. Pou plis enfòmasyon sou Kontra Limit Itilizasyon an ak restriksyon sou revann tanpri gade Rezime Kontra Limit Itilizasyon an nan dènye seksyon nan Pake Enfòmasyon sa a. Nou ka jwenn aplikasyon ak pwosesis lotri a, dat, ak egzijans kalifikasyon yo nan Pake Enfòmasyon sa a.

# EGZIJANS KALIFIKASYON JENERAL

**K: Kiyès ki kalifye pou aplike pou apatman sou baz Restriksyon Salè?**

R: Pou kalifye pou yon apatman sou baz Restriksyon Salè, fwaye yo dwe reponn ak tout kondisyon ki vini annapre yo:

- 1.) Tout moun nan fwaye a dwe kalifye an tan ke "moun k ap achte premye fwa" (gade pj. 6)
- 2.) Pou tout kondò 80% AMI yo, tout salè fwaye a dwe pi ba pase 80% AMI. Pou tout kay 110% AMI yo, tout salè fwaye a dwe ANT 81% ak 110% AMI.
- 3.) Aktif likid tout fwaye a dwe pi ba pase \$250,000 (gade Limi Aktif annapre a)
- 4.) Fwaye a dwe pre-apwouve pou yon ipotèk (gade paj. 8)
- 5.) Fwaye a dwe genyen pou pi piti yon moun pa chanm (Pa egzanp, yon fwaye yon moun paka aplike pou yon apatman 2Chanm, sof si moun nan kalifye pou yon akomodasyon rezonab, men yon fwaye de moun ka aplike pou yon apatman 1Chanm..)
- 6.) Chèf fwaye pa ka etidyan a tan plen. Yon etidyan a tan plen kalifye sèlman si yo se chèf fwaye asosye ak yon moun ki PA yon etidyan a tan plen epi y ap viv ansanm avèk li aktyèlman epi yo pral viv nan Alloy.

**K: Kisa egzijans kalifikasyon salè yo ye?**

R: Premye tablo a montre salè maksimòm ki otorize pa fwaye pou chak nivo salè epi sa yo chita sou kantite moun ki genyen nan chak fwaye ansanm ak deziyasyon AMI apatman an.

<b>Limit Salè MAKSIMOM ki Otorize (ajiste selon GWOSE FWAYEo)</b>		
<b>Gwosè Fwaye a</b>	<b>80% Zòn Salè Medyan (AMI)</b>	<b>110% AMI</b>
1	56 800\$	\$56,801- \$83,006
2	64 900\$	\$64,901- \$94,864
3	73 000\$	\$73,001-\$106,722
4	81 100\$	\$81,101-\$118,580

**K: Kòman yo kalkile salè fwaye a?**

R: Salè yon fwaye se total montan lajan ke TOUT manb fwaye espere resevwa nan pwochen 12 mwa yo avan taks (kòmansman nan dat sètifikasyon salè a ak pwojeksyon pou pwochen 12 mwa yo) sou baz salè ak aktif aktyèl yo, men mete ladann nenpòt lè siplemantè, bonis, ogmantasyon salè ki pral vini ak komisyon y ap atann nan pwochen 12 mwa yo. Nan yon efò pou fè yon estimasyon salè ki kòrèk nan nivo ke sa posib, Ajan Lotri a pral revize done istorik salè a pou li bay yon baz pou estimasyon salè ki gen pou vini yo epi voye yon fòm verifikasyon anplwayè bay anplwayè w la (yo). Ou dwe revele nenpòt lajan w swete resevwa nan pwochen 12 mwa yo epi l ap konte kòm salè. Yo pral analize lajan w te resevwa nan 3 mwa avan yo pou yo fè estimasyon salè ki pral vini yo. Sa genyen ladann, men li pa limite ak, Sekirite Sosyal, pansyon alimantè, sipò pou timoun, peman lè siplemantè, bonis, chomaj, frè revokasyon, travay tan pasyèl, obligasyon ki gen matirite, lajan ke w pral resevwa nan antant tribinal, yon enterè reyèl oswa ke yo ba ou ak dividand sou kont bank epi lòt aktif. YO KONTE TOUT SOUS SALE eksepte salè travay pou manb fwaye ki genyen pi piti pase 18 an ak nenpòt salè ki plis pase \$480/ane pou etidyan tan plen ki se depandan (men tanpri sonje ke yo dwe

dokimante tout salè yo menm lè li pa nan kalkil total salè fwaye a). Nou pral sipoze ke tout kandida yo pral kontinye resevwa nenpòt lajan ke yo te resevwa pandan dènye 12 mwa yo sof si yo gen dokiman ki pwouve ke se pa sa. Epiou sa pa depann de fwaye a pou detèmine ki lajan yo te resevwa pandan ane ki sot pase a ke yo ta dwe kalkile oswa pa kalkile nan salè fwaye a. Nan ka sa a yo ta dwe site tout lajan sou aplikasyon an epi lefèt ke yo mete lajan sa yo pral detèmine kalifikasyon yon fwaye sou baz Pati 5 definisyon salè HUD. Fwaye yo dwe soumèt 3 relve taks ki pi resan yo kòm prèv ke yo p at posede yon kay pandan twa (3) dènye ane yo apati dat aplikasyon lotri a. Yo dwe soumèt yo tou yon fason pou yo bay yon baz ak yon kad pou yo konprann revni aktyèl yo.

Anplis de sa, y ap konsidere koup ki legalman marye fè pati fwaye a, menm lè yo separe (yon akò separasyon PA sifi pou pwopriyete kay). Y ap konsidere minè/depandan fè pati fwaye a si **y ap viv ak yon paran pou pi piti pandan 51% ane a (183 jou, ki pa oblije fèt nan fason swivi).**

### **Salè Minimòm Apwoksimatif**

Alòske pa genyen salè minimòm espesifik, tout fwaye dwe kalifye pou yon prè ipotèk pou achte yon apatman sou baz Restriksyon Salè. Se pretè/bank lan ki pral detèmine limit salè minimòm pou kalifye pou yon ipotèk. Tout kandida yo dwe resevwa pre-apwobasyon ipotèk valid rive nan dat lotri a epi depoze li ansanm ak aplikasyon yo pou yo konsidere ke yo kalifye pou lotri sa a. Yo site egzijans ipotèk yo nan paj 8-9 nan pake enfòmasyon sa a.

*Pou plis enfòmasyon sou ipotèk, gade pj. 8-9.*

### **Limit Aktif**

**Total aktif tout manb fwaye a pa ka depase \$250,000 an aktif liki; sa pa genyen ladann retrèt restren, kont kolèj, ak epay sante.** Si yon fwaye kalifye kòm eksepsyon egzijans moun k ap achte kay premye fwa yo epi li posede yon kay aktyèlman, aksyon kay la konte nan limit aktif la.

### **Aktif ki fè Pati Sètifikasyon Salè a**

Enterè salè ke aktif jenere konte nan limit salè a. Si aktif yo fè yon total \$5,000 oswa plis, pi wo nivo salè ki antre apati yon aktif, oswa salè atribye se 0.06% tout aktif yo, you pral konte tout kòm limit salè. Pou aktif ki pi piti pase \$5,000 se sèlman salè reyèl y ap konte. Yo kalkile Aktif fwaye yo nan moman sètifikasyon salè a. Aktif yo gendwa gen ladan yo kach, aplikasyon kach tankou Venmo, Paypal, ekonomi kach ak kont chèch, valè nèt kach aksyon, obligasyon, kapital envestisman ak valè dola nan kont kriptomonè. Alòske yo pa konte kont retrèt yo pou detèmine limit aktif la, 70% valè total kont retrèt la pral sèvi nan kalkil enterè salè atribye ki nan kont retrèt yo.

*Egzanp: Yon fwaye genyen \$10,000 nan yon kont epay k ap rantre 1% ak \$100,000 nan yon kont retrèt ki p ap itilize aktivman. Pwogram nan pral konte sèlman 70% nan kont retrèt la (\$70,000). Total aktif pou limit aktif sa a se: \$10,000 (puiske kont retrèt yo pa konte nan limit aktif la.)*

*Total aktif yo pou salè atribye se:                   \$10,000 + \$70,000 = \$80,000*

*Revni Reyèl ki nan aktif la se:                   \$100               = \$100 (A)*

*Salè atribye a 0.06% se:                           0.06% pa \$80,000 = \$48,00 (B)*

*Note ke \$100 pral ajoute sou salè yo antanke enterè salè puiske genyen plis pase \$5000 nan aktif epi pwogram nan pran pi gwo nan salè aktyèl (A) apati aktif la OSWA (B) salè atribye nan aktif yo.*

**K: Kiyès ki yon "moun k ap achte kay premye fwa"?**

R: Yon moun se yon "moun k ap achte kay premye fwa" si pa genyen pèsonn nan fwaye li, ki pandan twa (3) ane pase yo, apati moman yo te soumèt aplikasyon nan lotri a, te swa posede kay yo te viv ladann lan, oswa te posede enterè nan youn oswa plizyè kay, tankou nan kopwopriyete konjwent. Gendwa gen eksepsyon nan ka ki vini annapre yo:

1. Yon moun ki rete nan kay ki deplase: Yon moun ki rete nan kay ki deplase se yon endividi ki se yon granmoun ki ranpli TOUT kondisyon ki vini annapre yo:

- P at travay a tan plen, yon ane konplè nan popilasyon aktif la pandan plizyè ane, pandan ane sa yo, li te travay prensipalman nan kay la pou pran swen kay ansanm ak fanmi an
- Te posede yon kay ansanm ak patnè li oswa te rezide nan yon kay ke patnè li te posede
- P at posede kay ke patnè li a te posede
- Li pa marye oswa legalman separe ak konjwen li

2. Yon paran ki poukont li kote endividi a posede yon kay ak paran li oswa te rezide nan yon kay patnè li posede epi li se yon paran ki poukont li (li pa marye oswa legalman separe ak yon konjwenn epi swa li gen 1 oswa plizyè timoun ke li gen gad yo oswa yon gad pataje, oswa li ansent).

3. Yon fwaye ki kalifye ak laj (ki gen omwen youn moun ladann ki genyen 55 ane oswa Plis) k ap vann yon kay yon fason pou yo achte yon kay ki baze sou Restriksyon Salè.

4. Yon fwaye ki posede yon pwopriyete ki p at konfòm ak kòd modèl bilding Eta oswa lokal epi ki k at ka vin konfòm ak pi piti depans ak yon estrikti pèmanan.

5. Yon fwaye ki posede yon rezidans prensipal ki pa fikse ak yon fondasyon pèmanan jan regilasyon aplikab yo mande sa.

**K: Eske yon fwaye ki genyen salè ki enferyè ak 80% AMI ka achte yon apatman 110%?**

R: Non. Sèlman fwaye ki genyen salè ant 81% ak 110% AMI gendwa aplike pou kay ki dispoze pou li abòdab pou fwaye ki gen salè ant 81-110%AMI.

**K: Si yon moun nan fwaye mwen genyen laj 55 oswa plis èske mwen ka posede yon kay aktyèlman?**

R: Wi. Sepandan, yo p ap bay opòtinite pou w achte yon kay ki baze sou Restriksyon Salè la a jiskaske kay aktyèl ou a nan yon Acha oswa Kontra Lavant (P&S). Pou plis enfòmasyon sou konbyen tan y ap ba ou pou w vann kay ou a gade Pwosesis Etap-Pa-Etap la. Pou konnen kantite aksyon w gen otorizasyon pou w genyen sou kay aktyèl ou a, tanpri gade Limit Aktif nan paj 6 ki vini avan an.

**K: Eske mwen ka aplike nan lotri sa a antanke moun ki rete nan kay ki deplase oswa paran ki poukont li si mwen posede yon kay aktyèlman?**

R: Wi. Sepandan, yo p ap bay opòtinite pou w achte yon kay ki baze sou Restriksyon Salè la a jiskaske kay aktyèl ou a nan yon Acha oswa Kontra Lavant. Pou plis enfòmasyon sou

konbyen tan y ap ba ou pou w vann kay ou a gade Pwosesis Etap-Pa-Etap la. Pou konnen kantite aksyon w gen otorizasyon pou w genyen sou kay aktyèl ou a, tanpri gade Limit Aktif nan paj 5.

**K: Si m ap travèse yon divòs aktyèlman/separasyon oswa planifye pou mwen divòse / separe, èske mwen ka toujou aplike?**

R: Si w pa genyen dekrè divòs ou epi sèlman fèk kòmanse anvizaje yon divòs oswa separasyon, oswa menm deja genyen yon akò separasyon men w pa genyen yon dekrè divòs, ou pa ka aplike antanke sèl chèf fwaye epi yo pral egzamine aplikasyon w lan kòm si konjwen aktyèl ou a pral antre nan apatman sou baz Restriksyon Salè a ansanm avèk ou. Pou plis enfòmasyon sou fason pou w jwenn yon dekrè divòs kontakte tribinal lokal ou a oswa <https://www.mass.gov/how-to/get-a-copy-of-your-divorce-or-other-probate-family-court-record>

**K: Mwen pa ka retire lajan nan fon 401k oswa retrèt mwen an, èske mwen dwe site li lè m ap site aktif mwen yo?**

R: Wi. Tanpri sonje ke kont retrèt yo PA konte nan limit aktif \$250,000 li se pandan ou dwe kanmenm enkli valè total tout fon retrèt ou yo sou aplikasyon an jan sa mande nan sètifikasyon salè a. Sètifikasyon salè a genyen ladann enterè ke w rantre sou tout aktif ou yo. Lè w ap konsidere valè kach sou baz kalkil enterè salè, 30% soti nan valè total aktyèl kont retrèt ou a (penalite apwoksimatif si w te genyen pou w retire fon yo nan kont lan jodia), epi rès 70% konsidere antanke valè kach aktyèl, ke yo vin multipliyè ak to livrè aktyèl ki se 0.06%. Montan rezilta pral konte antanke salè enterè atribye sou kont sa a epi y ap ajoute li nan salè fwaye a pou rezon kalifikasyon.

**K: Eske genyen eksepsyon nan kalifikasyon pou fwaye ki apèn depase limit salè a men ki twouve yo nan yon nivo konsiderab pa anba limit aktif la (oswa vis vèsa)?**

R: Non. Tout fwaye dwe twouve yo ALAFWA anba limit salè a ak limit aktif la. Kalifikasyon an pa chita sèlman sou youn sèlman oswa lòt la.

**K: Eske yon etidyan tan plen ka aplike pou yon kondò ki baze sou Restriksyon Salè?**

R: Chèf fwaye a pa ka etidyan a tan plen. Donk si yon fwaye yon sèl moun se yon etidyan tan plen li pa kalifye. Si tou de moun yo nan yon fwaye de moun se de etidyan tan plen, yo pa kalifye. Yon etidyan a tan plen kalifye pou yon apatman ki baze sou restriksyon salè sèlman si yo se chèf fwaye asosye ak yon moun ki PA yon etidyan a tan plen. Anplis de sa, enstitisyon edikasyon kote kandida a enskri a pral deside si etidyan an a tan plen ou pa. Pa egzanp nan kèk ka yon kandida k ap prepare yon PhD gendwa alafwa yon anplwaye ak yon etidyan. Si yo konsidere li yon etidyan a tan plen li p ap kalifye menm si li anplwaye tou a tan plen. Si w gen kesyon sou estati anplwa w, tanpri pale ak Biwo Eta Sivil ou.

# ESTANDA PRE-APWOBASYON IPOTEK

Imedyatman apre yo fin li tout Pake Enfòmasyon sa a, tout fwaye ta dwe aplike pou yon pre-apwobasyon ipotèk. *Yo dwe soumèt yon lèt pre-apwobasyon ipotèk ak aplikasyon an e sa ka pran anviwon (2) semèn pou jwenn li.* Pre-apwobasyon ipotèk la dwe reponn reponn ak kondisyon estanda ki vini annapre yo:

## Estanda Pre-Apwobasyon Ipotèk

- Pre-apwobasyon an dwe pou yon to ipotèk fiks sou 30 ane.
- Pre-apwobasyon an dwe montre yon to enterè oswa yon limit to enterè.
- Pre-apwobasyon an PA KA fèt sou yon sit bank sou entènèt.
- Pre-apwobasyon an PA KA sijè kredi, anplwa, oswa verifikasyon aktif.
- Aktyèlman, prè a pa ka yon FHA, Fannie Mae, Freddie Mac oswa yon prè VA (puisque FHA ak VA pa aksepte kondisyon Kontra Limit Restriksyon an)
- Achte a dwe fè yon premye vèsman pou omwen 3%
- Lèt pre-apwobasyon an dwe valid jiska dat lotri a.

N ap ankouraje fwaye yo ak anpil fòs pou aplike nan yon bank ki okouran restriksyon revant yo ak direktiv pou pwogram lojman ki baze sou Restriksyon Salè yo epi se la yo pral pran yon Angajman Ipotèk. Gen anpil chans pou bank sa yo okouran pwogram moun k ap achte premye fwa yo ki gendwa yon gwo asistans menm jan ak Massachussets Housing Partnership's ONE Mortgage Program (Pwogram Ipotèk Patenarya Lojman Massachussets ONE. Pretè ki vini annapre yo abitye ak pwosesis la ansanm ak obligasyon ipotèk yo epi yo ta dwe kontan ede w ak kesyon w oswa pre-apwobasyon w la.

Fwaye yo ta dwe mache ak yon kopi Restriksyon Revant yo ki nan do pake enfòmasyon sa a bay pretè yo. *Yo pral mete tout pretè yo okouran de restriksyon revant yo kèlkeswa w te di yo sa avan ou pa.* Kontra Limit Restriksyon an se yon dokiman k ap siyen ak anrejistre nan fen lavant lan. Donk li nan pi bon enterè fwaye a pou montre tout pretè yon kopi Kontra Limit Restriksyon an lè y ap aplike pou yon ipotèk. Sinon yo gendwa jwenn pretè ki fin bay pre-apwobasyon men apres a rale kò yo nan moman y ap achte a yon fwa yo fin mete yo okouran vrè restriksyon yo, sa ki pral elimine opòtinite pou jwenn yon apatman sou baz Restriksyon Salè.

Pretè a pral mande w frè asosyasyon ak taks. Ou ka jwenn frè Kondo a nan paj 3 Pake Enfòmasyon sa a. Taks imobilye yo evalye sou baz pri **Restriksyon Salè** a (san se pa ekivalan pri mache a).

## BANK K AP PATISIPE YO & ENSTITISYON K AP PRETE

*Chak nan enstitisyon ki vini annapre yo te travay ak Pwogram Lojman Enklizyonè Vil la epi te dakò pou bay yon sèvis pre-apwobasyon gratis ak enfòmasyon sou pi bon pwodui ipotèk ki disponib pou reponn ak bezwen w. Aplikan yo ka sèvi ak lòt pretè; lis sa a se sèlman yon koutwazi.*

Winter Hill Bank  
342 Broadway  
Somerville, MA. 02145  
(617) 629-3330/ rhvnet@winterhillbank.com  
Kontak: Rich Vernet

Eastern Bank  
250 Elm Street  
Somerville, MA. 02144  
(617)478-4000  
Kontak: Francisco Rodriguez



Cambridge Savings Bank  
1374 Massachusetts Avenue  
Cambridge, MA. 02138  
(617) 441-4137  
Kontak: Rick Garber

East Cambridge Savings Bank  
292 Cambridge Street  
Cambridge, MA. 02141  
(617)551-2453/ [prizzo@ecsb.com](mailto:prizzo@ecsb.com)  
Kontak: Tricia Rizzo

Pretè Alloy rekòmande yo se:

First Republic Bank  
160 Federal Street  
Boston, MA. 02110  
(617) 478-8525 /  
[preinsmith@firstrepublic.com](mailto:preinsmith@firstrepublic.com)  
Kontak: Paul Reinsmith

Wells Fargo Home Mortgage  
125 High Street 14<sup>th</sup> Fl.  
Boston, MA. 02110  
[mitch.haddad@wellsfargo.com](mailto:mitch.haddad@wellsfargo.com)  
(617) 897-3493  
Kontak: Mitchell J. Haddad, Jr.

Nenpòt pretè w jwenn la a: [www.mhp.net/one-mortgage/why-one#find-lender](http://www.mhp.net/one-mortgage/why-one#find-lender)

**K: Eske yon moun ki pa nan fwaye a gendwa kosiye sou ipotèk la?**

R: Non. Se sèlman manb fwaye k ap aplike a ki gendwa sieyen ipotèk la. Tout lajan yo fè manb fwaye a kado pou asiste nan premye vèsman an oswa lòt depans yo ap kontabilise antanke aktif fwaye yo.

## EGZIJANS GWOSE FWAYE

---

**K: Kòman yo kalkile gwosè apwopriye fwaye a?**

R: Genyen egzijans minimòm yon (1) moun pa chanm pou aplike pou yon tip apatman ki pi laj pase yon chanm sof si li kalifye pou yon akomodasyon rezonab ki mande yon dezyèm chanm epi yo bay verifikasyon nan moman y ap bay aplikasyon k ap dokimante bezwen sa a.

**Yon fwaye 1-moun pa kalifye pou apatman 2Chanm. Yon fwaye de moun kalifye pou ni apatman 1Chanm nan ak sa 2Chanm nan.**

"Fwaye" vle di tout moun ki gen non yo parèt sou kontra a, epi tou tout moun ki gen entansyon okipe apatman lojman kòm premye rezidans yo. Sa genyen ladann ni granmoun ni timoun; kèlkeswa kapasite yo pou genyen yon salè yo fè pati fwaye a. Yo ta dwe konsidere moun ki marye legalman kòm moun ki fè pati fwaye a menm si yo separe. Y ap konsidere minè/depandan fè pati fwaye a si **y ap viv ak yon paran pou pi piti pandan 51% ane a (183 jou, ki pa oblije fèt nan fason swivi).**

**K: Si mwen ansent èske y ap konsidere bebe ki poko fèt la nan fwaye a?**

R: Sof si timoun ki poko fèt la nan twazyèm trimès li nan moman aplikasyon dat limit lotri a (nan dat 10 desanm 2018) ke fwaye a gendwa konte yo antanke manb fwaye a. Fwaye pa bezwen soumèt prèv gwosès nan aplikasyon lotri men pral bezwen soumèt prèv gwosès ak tèm yon medsen tretan bay ak Aplikasyon Sètifikasyon apre lotri a, si oswa lè yo rele yo vin sètifye salè yo.

**K: Si m ap travèse yon divòs aktyèlman/separasyon oswa planifye pou mwen divòse / separe, èske mwen ka toujou aplike?**

R: Si w pa genyen dekrè divòs ou epi sèlman fèk kòmanse anvizaje yon divòs oswa separasyon, oswa menm deja genyen yon akò separasyon men w pa genyen yon dekrè divòs, ou pa ka aplike antanke sèl chèf fwaye epi yo pral egzamine aplikasyon w lan kòm si konjwen aktyèl ou a pral antre nan kondò a avèk ou sou baz Restriksyon Salè. Pou plis enfòmasyon sou fason pou w jwenn yon dekrè divòs kontakte tribinal lokal ou a oswa <https://www.mass.gov/how-to/get-a-copy-of-your-divorce-or-other-probate-family-court-record>

## ENFOMASYON PREFERANS

---

**K: Kòman yo defini preferans yo pou apatman ki sou baz Restriksyon Salè yo?**

R: Odonans Dekoupaj Enklizif ki se baz otorizasyon devlopman sa a te etabli yon preferans dabò pou fwaye ki bay dokimantasyon ki ajou (ki gen dat ki nan entèval 30 dènye jou yo te soumèt aplikasyon an) ke y ap viv aktyèlman oswa ap ap travay a tan plen (30 èdtan oswa plis pa semèn) nan Somerville. Fwaye ki pa kalifye pou preferans sa a gendwa toujou aplike men l ap pi ba nan Lis Lotri a. Lis lotri ki nan paj 14-15 montre kòman yo defini preferans sa yo.

Si yon revizyon pandan sètifikasyon salè a ta demontre ke verifikasyon preferans lan p at kòrèk oswa fo, y ap rann aplikasyon an inadmisib pou kontinye nan pwosesis acha a.

**K: Kòman yon fwaye ka aplike pou Preferans?**

R: Si w ap viv oswa travay 30 èdtan oswa plis pa semèn nan yon biznis ki trouve li nan Sommerville, ou gendwa kalifye pou yon preferans nan lotri sa a. Asire w ke w reponn kesyon ki nan paj 3 Aplikasyon Lotri a pou endike w ap aplike pou preferans. Tou de preferans yo egal epi verifikasyon youn nan yo sifi pou asire yon preferans nan lotri a. Gen yon preferans nan lotri a pral ogmante pwobablite pou yon fwaye soti nimewo en nan lotri a. Pou resevwa yon preferans, yon kandida dwe bay yon verifikasyon ki gen dat nan entèval 30 jou apati dat yo soumèt aplikasyon an.

**K: E si yon fwaye pa kalifye nan ankenn pami Preferans sa yo?**

R: Fwaye ki pa genyen Preferans sa yo oswa fwaye ki pa bay dokiman preferans obligatwa yo ka toujou patisipe nan lotri a pou gwosè apatman yo aplike pou li a men y ap ba yo yon pozisyon sou Lis Lotri a ki vini apre fwaye sa yo ki kalifye pou preferans sa yo. Tanpri gade Lis Lotri yo nan paj 13-14 pou detay sa yo.

# PWOSESIS ETAP-PA-ETAP AK KALANDRIYE

---

**K:** Ki pwosesis seleksyon ak kloti aplikasyon an pou kondò restriksyon salè yo ofri nan kad Pwogram Lojman Enklizyonè Vil la nan Alloy?

**R:** Paj ki vini annapre a eksplike chak pa an plis detay.

**Tout premye etap yo** enplike kalifikasyon pou Pwogram Lojman sou baz Restriksyon Salè ak resevwa yon pozisyon sou Lis Lotri a gras ak yon aplikasyon konplè rive nan dat limit aplikasyon an.

**Dezyèm etap yo** enplike pwosesis aktyèl rezèvasyon ak acha yon kondò (epi disponiblite apatman pral depann de pozisyon w sou Lis Lotri yo).

**Etap 1: Aplikasyon Inisyèl pou Lotri Alloy**

*rive 2pm nan dat 10 desanm 2018*

**Etap 2: Loteri a ak Lis Lotri yo**

*9 janvye 2019, 10:30 AM rive 12:30 PM, Aldermanic Chambers nan Meri a ki nan 93, Highland Ave*

**Etap 3: Sètifikasyon Salè ak SEB sijè Apwobasyon Divizyon Lojman Vil la**

*Anviwon 10 jou ap nesese pou revizyon Ansuit, Divizyon Lojman Vil Sommerville pral bay yon Lèt Otorizasyon pou fwaye ki kalifye yo k ap gen 15 jou pou fini etap 4-5*

**Etap 4: Akò Rezèvasyon Apatman**

*Yo bay Fwaye yo anviwon 3 jou apre yo resevwa Lèt Otorizasyon an*

**Etap 5: Pwograme yon Enspeksyon Mezon Prive epi siyen Kontra Acha ak Vant lan**

*Li pa ka anile epi yo dwe ranpli li nan yon entèl 14 jou apre Lèt Otorizasyon an*

**Etap 6: Jwenn Angajman Ipotèk**

*Pifò bank pran anviwon 30 jou pou bay angajman ipotèk*

**Etap 7: Siyen ak Notarye Atestasyon Restriksyon Lojman Abòdab**

**Etap 8: Kloti**

*Apatman yo ap disponib pou anmenajman nan moman kloti a ke yo prevwa nan fen 2018 kòmansman 2019*

Tanpri sonje pral genyen yon seyans enfòmasyonèl ke y ap fè pou kandida ki enterese yo nan jedi 11 oktòb 2018, 6:30 rive 8:30 PM (East Sommerville Community School Auditorium, 50 Cross St) ak jedi 13 novanm 10:30 am rive 12:30 PM (4yèm etaj Visiting Nurses Association (Asosyasyon Enfimyè K ap Vizite) nan 405 Alewife Brook Parkway., park nan Dilboy Field) Asistans Seyans Enfòmasyon an pa obligatwa pou patisipasyon an lotri a, men li rekòmande.

*Tanpri note tou ke si fwaye a aplike nan Pwogram Asistans Kloti Vil la, Kloti a pa ka fèt toutotan yon chèk asistans pa soti. Yon detèminasyon asistans pa ka fèt jiskaske ya resevwa dokiman Piblikasyon Kloti yo epi apati moman sa a, l ap pran 2-4 semèn pou kreyasyon chèk la.*

---

## Etap 1: Aplikasyon Lotri

---

Kandida yo pral bezwen ranpli yon Aplikasyon Lotri pou chak moun ki pral viv nan apatman an. Pre-APWOBASYON Ipotèk OBLIGATWA ak Aplikasyon Lotri a sepandan dokiman ki sipòte salè ak aktif pa obligatwa ak Aplikasyon Lotri a (men yo pral obligatwa pi devan nan moman sètifikasyon salè a). SEB dwe resevwa Aplikasyon Lotri a 2:00 pm nan dat 10 desanm 2018. Aplikasyon ki pa reponn ak dat limit sa yo p ap patisipe nan lotri a. Tanpri gade paj kouvèti Aplikasyon Lotri a pou kote w dwe livrez li ak adrès lapòs la.

Yon fwa SEB te resevwa Aplikasyon Lotri a, yo pral verifye kalifikasyon inisyal pou lotri a. Fwaye ki pa genyen pre-apwobasyon ipotèk ak fwaye ki te soumèt aplikasyon ki endike ke yo pi wo pase limit salè maksimòm nan p ap patisipe nan lotri a. Fwaye ki pa genyen sètifika fòmasyon moun k ap achte kay premye fwa ki genyen dat nan entèval 3 ane anvan dat aplikasyon an, oswa san prèv enskripsyon aktyèl nan klas sa a ki pwograme pou fini nan fen 2018 p ap ka patisipe nan lotri a. Tanpri sonje ke fwaye yo pral bezwen voye sètifika achèyman an avan kloti apatman an. Fwaye ki soumèt yon aplikasyon enkonplè oswa fini aplikasyon yo apre dat limit la p ap enkli nan lotri a. Yo pral avèti tout fwaye pa imèl si y ap mete yo nan lotri a ou pa. **Patisipasyon nan lotri a se sèlman yon premye pa epi li pa garanti apwobasyon sètifikasyon salè (gade pwochen etap yo).**

Yon fwa yo fin resevwa Aplikasyon Lotri a epi SEB fin detèmine fwaye ki kalifye pou lotri a, kandida a pral resevwa yon Nimewo Aplikasyon ki sèlman endike lòd klasman yo te resevwa aplikasyon yo a. Objektif Nimewo Aplikasyon an se sèlman pou kenbe non tout fwaye anonim nan moman y ap fè tiraj Nimewo Aplikasyon yo. Tanpri konsève Nimewo Aplikasyon w lan pou Lotri a.

---

## Etap 2: Loteri a ak Lis Lotri yo

---

Yo pral fè Lotri a nan dat Yo nan jedi 9 janvyè 2019 nan Aldermanic Chambers nan Meri a ki nan 93 Highland Ave nan Somerville. Fwaye yo pa gen obligasyon pou asiste lotri a pou resevwa yon apatman, sepandan lotri a ouvri ak piblik la epi tout moun gendwa vin asiste. Y ap voye rezilta yo bay tout fwaye ki te aplike yo apre Lotri a. Y ap disponib tou sou sitwèb Vil la. Yo fè lotri a pou deside sou pozisyon chak kandida sou chak Lis Lotri. Pral genyen plizyè tiraj pou chak tip apatman (AMI ak gwochè chanm) baze sou rezèvwa preferans yo pou apatman sa yo jan sa ye annapre a: (1<sup>er</sup> preferans) fwaye k ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville, (san preferans) tout lòt fwaye yo.

Apre Lotri a, Ajan Lotri a pral enfòmè tout kandida lotri yo sou rezilta yo. Lis Lotri a pa apatman pral pibliye sou sitwèb Vil Sommerville, tanpri kenbe Nimewo Aplikasyon w lan pou w jwenn pozisyon w nan Lis Lotri yo. Lis Lotri yo pral etabli ak tiraj diferan dapre jan sa montre annapre a:

### Lis Lotri pou tout 15 Kondo yo

#### 1. Lis Lotri pou Kat (4) Kondo 1 Chanm 80% AMI

1<sup>er</sup> Tiraj: fwaye ki te bay verifikasyon ke y ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville.

2<sup>yèm</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou kondo 1Chanm 80% AMI

#### 2. Lis Lotri pou Kat (4) Kondo 2Chanm 80% AMI

1<sup>er</sup> Tiraj: fwaye ki te bay verifikasyon ke y ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville.

2<sup>yèm</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou kondo 1Chanm 80% AMI

#### 3. Lis Lotri pou Kat (4) Kondo 1 Chanm 110% AMI

1<sup>er</sup> Tiraj: fwaye ki te bay verifikasyon ke y ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville.

2<sup>yèm</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou kondo 1Chanm 110% AMI

#### 4. Lis Lotri pou Twa (3) Kondo 2Chanm 110% AMI

1<sup>er</sup> Tiraj: fwaye ki te bay verifikasyon ke y ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville.

2<sup>yèm</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou kondo 1Chanm 110% AMI

Yon fwa tout Kandida yo fin klotire tout kenz kondo yo, Lis Lotri pou devlopman sa a pral ekspire.

Pa egzanp, si 10 fwaye aplike ak yon preferans, epi 10 fwaye aplike san yon preferans pou kat (4) apatman 1 Chanm 80%, fwaye ak yon preferans pral resevwa yon nimewo 1-10 nan lòd yo te soti nan tiraj lotri a, epi fwaye ki san preferans ap resevwa yon nimewo 11-20 nan lòd yo te soti nan lotri a. SEB pral kòmanse kontakte fwaye ki twouve yo nan 1-4 nan lis lotri a; si nenpòt nan fwaye sa yo pa kalifye, SEB pral desann nan fwaye 5 elatriye jiskaske yo fin achte tout apatman yo.

---

## Etap 3: Aplikasyon Sètifikasyon ak SEB epi Divizyon Lojman Vil la

---

Aprè Lotri a, Ajan Lotri a, SEB pral enfòmè tout kandida lotri yo sou rezilta yo.

SEB pral kontakte menm kantite fwaye ak apatman ki disponib sou chak Lis Lotri epi enfòmè yo ke yo pral resevwa yon apatman nan yon dat kèlkonk (sa ki pral nan anviwon 10 jou apati dat notifikasyon an) pou soumèt tout dokiman ki obligatwa pou egzamen preliminè SEB pou kalifikasyon Pwogram Enklizyonè sou baz egzijans pati 5 HUD. Apre yo fin resevwa Nimewo Aplikasyon yo avan lotri a, tout fwaye yo pral vle egzamine Gid Egzijans Dokiman pou detay sou tout bagay pou fini Aplikasyon Sètifikasyon Divizyon Lojman Vil la ak kòmanse klase ak òganize dokiman sa yo.

SEB byen pran san l pou asire ke tout fifye ranpli lè l ap voye yo bay Divizyon Lojman Vil la men si Divizyon Lojman Vil la bezwen nenpòt dokiman anplis pou fini egzamen kalifikasyon yo a, yo pral enfòmè SEB epi SEB pral enfòmè kandida a. Kandida a dwe soumèt tout dokiman SEB ak/oswa Divizyon Lojman Vil la mande li nan yon entèval 5 jou ouvrab. Kandida ki pa bay dokiman anplis yo ak kandida ke Divizyon Lojman Vil la diskalifye ap soti sou Lis Lotri a epi y ap pèdi opòtinite pou avanse nan pwosesis sa a. Yon fwa yo detèmine w pa kalifye, jan SEB te detèmine sa avan revizyon Vil la, oswa apre revizyon Vil la, yo pral avèti kandida a epi ba li sèt (7) jou ouvrab pou li fè apèl apati dat notifikasyon an te soti a. Yo ta dwe voye apèl la bay SEB epi Vil la ta dwe an kopi.

Lè Divizyon Lojman Vil la te sètifye yon fwaye kalifye, yo voye yon **Lèt Otorizasyon** dirèkteman bay fwaye a. Fwaye a p ap bezwen sibi yon lòt egzamen kalifikasyon depi yo klotire vant apatman yo nan entèval yon ane apre yo rin resevwa Lèt Otorizasyon yo a. Fwaye a dwe, nan ka sa a rezève yon apatman, epi siyen yon akò rezèvasyon apatman. Fwaye a dwe dwe pwograme yon Enspeksyon Kay ak egzekite yon Akò Acha ak Vant nan entèval (15) jou dat yo te voye Lèt Otorizasyon an (tanpri gade pwochen etap yo). Yo dwe remèt Vil la kopi P&S ak rapò Enspeksyon Kay yo.

**Nenpòt fwaye yo kontakte men ki pa reyisi soumèt tout dokiman yo (epi si premye soumisyon yo enkonplè, nenpòt oswa tout dokiman ki manke yo) pou rive nan dat limit ke SEB defini pral soti sou Lis Lotri a.** Nan menm fason an, nenpòt fwaye ki depase limit salè oswa pa ka veriye ke tout deklarasyon aplikasyon yo, oswa pa bay prèv kapasite yo pou bay 3% premye vèsman ki obligatwa a nan siyati P&S ap soti sou Lis Lotri yo. Fwaye sa yo ke yo kontakte ki ranpli kondisyon kalifikasyon egzamen an epi ke SEB konsidere kalifye pou avanse nan pwosesis la pral rete sou Lis Lotri yo jiskaske yo fin achte tout apatman abòdab yo. Yon fwa yo fin achte tout apatman yo nan premye acheminman an, Lis Lotri a ap ekspire. Yo p ap sèvi ak Lis Lotri a pou revant apatman abòdab ki gen pou vini apre sa.

Tout apatman pwograme pou moun antre ladan yo rive nan kòmansman 2019.

Fwaye ki gen pozisyon pi ba nan Lis Lotri a ke yo p at mande pou ranpli yon Aplikasyon Sètifikasyon epi ki te soumèt dokiman ki manke pral kenbe plas yo nan Lis Lotri a (dènyè fwaye ki alatèt yo ki te pase nan pwosesis mizajou dokiman an epi dapre lòd kote yo plase yo nan lotri a) epi ke yo ka kontakte yo nan yon avni pwòch si kandida ki anwo yo deside pa avanse ak apatman an epi yon apatman nan Alloy vin disponib nan premye acheminman an sèlman.

---

## Etap 4 Akò Rezèvasyon Apatman

---

Lè Divizyon Lojman Vil la te apwouve sètifikasyon salè SEB ke yon fwaye kalifye pou li, yo voye yon **Lèt Otorizasyon** dirèkteman bay fwaye a. Lè yo avèti yon fwaye, yo pral mete yo nan yon "kwonòmèt". Lè yo nan "kwonòmèt" la, yo pral ba yo enfòmasyon pou kontakte Biwo Vant lan epi yo pral genyen 5 jou ouvrab pou kontakte Biwo Vant lan ak ranpli Akò Rezèvasyon yo a ak gade apatman an.

**Lè yon fwaye te resevwa yon Lèt Otorizasyon, li rekòmande pou yo jwenn yon avoka ki ka asiste yo nan revizyon ak egzekisyon Kontra Acha ak Vant lan.**

Akò Rezèvasyon an se yon kontra ant kandida a ak devlopè a ki bay detay sou apatman espesifik ki disponib pou acha, epi y ap kopye Vil la nan Akò sa a. **Lè yo siyen yon Akò Rezèvasyon, yo egzije yon depo ranbousab \$500.** Depo \$500 pral soti nan 3% depo obligatwa nan moman P&S la. Depo a ranbousab si achte a pa ka asire yon ipotèk pou apatman an. Anplis, lè Akò Rezèvasyon an fin siyen pou apatman an yo pral retire fwaye a sou tout lòt Lis Lotri yo.

Pwochen kandida ki sou lis la pral resevwa notifikasyon ke li se pwochen moun y ap konsidere oswa lè kandida ki devan yo swa siyen Akò Rezèvasyon an oswa 5 jou ouvrab pase epi yo p at siyen ankenn rezèvasyon. Si yon kandida pa siyen Akò Rezèvasyon, y ap retire Nimewo Aplikasyon yo nan tèt Lis Lotri a Nan moman sa a y ap enfòm fwaye a pa imèl ke yo retire li si li te bay imèl oswa pa lapòs si p at gen imèl ki te bay.

---

### ***Eksepsyon Fwaye ki Gen Laj ki Kalifye, Moun ki Nan Kay Ki Deplase ak Paran ki Poukont Li:***

Sou baz rezilta lotri yo ak pozisyon yo sou Lis Lotri a, fwaye yo pral kapab estime lè yo pral rive nan tèt Lis Datant lan epi yo pral konnen konbyen tan yo rete pou vann kay yo ak finalize divòs/separasyon yo. **Fwaye ki posede pwòp kay yo aktyèlman nan moman yo aplike nan lotri a pral bezwen bay SEB yon kopi Acha ak Akò pou kay yo (Ajan Lotri a) nan moman sètifikasyon salè a.** Si fwaye ki anwo yo pa rive bay dokiman nan moman aplikasyon sètifikasyon an, yo P AP mete yo p ap kapab achte yon apatman epi y ap retire yo sou tout Lis Lotri.



---

## **Etap 5: Pwograme yon Enspeksyon Kay Prive epi siyen Kontra Acha ak Vant lan**

---

